



TAKS SOU PWOPRIYETE **REZIDANSYÈL** **VIL NEW YORK**

2

KLAS DE

koperativ
kondominyòm
lwaye
plis pase 4 inite





KI KOTE dola taks ou yo ale?




Ajans Inifòm
(Lapolis, Ponpye,
Sanitasyon, Prizon)



Edikasyon



Sante ak
Byennèt



Lòt Ajans
(Transpò, Lojman,
Pak, elatriye)

Nan Vil New York, taks sou pwopriyete reprezante 47% nan tout dola taks vil la yo kolekte nan ane fiskal 2020, ki te fini nan dat 30 jen 2020. Tablo sa a montre ki jan nou te depanse tout lajan taks vil la.

ki jan nou kalkile bòdwo taks sou pwopriyete ou

1
etap

DETÈMINE VALÈ MACHE

Nou jeneralman evalye pwopriyete klas 2 ou a sou baz kapasite li genyen pou li pwodui revni.

2
etap

DETÈMINE VALÈ ESTIME

Nou miltiplie valè mache pwopriyete ou a pa 45% ("nivo evalyasyon" li) pou nou detèmine "valè estime reyèl" li. Ogmantasyon valè estime yo sou bilding ki gen 10 oswa mwens inite yo limite nan yon pousantaj lwa eta a fikse.

3
etap

DETÈMINE VALÈ ESTIME PWOVIZWA

Tikal pa tikal, nou entwodui chanjman nan valè estime pwopriyete klas 2 ki gen plis pase 10 inite yo sou yon peryòd senk (5) lane. Sa bay kòm rezulta yon "valè estime pwovizwa" pou pwopriyete ou a. Nou itilize valè estime pwovizwa a pou nou kalkile bòdwo taks sou pwopriyete ou a si valè estime pwovizwa a pi ba pase valè estime pwovizwa reyèl ou a.

4
etap

APLIKE EGZANPSYON NAN DOSYE

Vil New York ofri soulajman fiskal yo rekònèt kòm egzanpsyon pou moun aje, veteran, manm klèje, moun ki gen andikap, ak lòt pwopriyetè kay. Nou retire montan sa yo sou valè estime pwopriyete ou a pou nou detèmine valè taksab li. (Ale sou www.nyc.gov/ownerexemption pou jwenn plis enfòmasyon.)

5
etap

BÒDWO TAKS SOU PWOPRIYETE

Pou kalkile montan ou dwe nan taks sou pwopriyete, nou aplike to taks vil la, ki se yon pousantaj konsèy minisipal la fikse chak ane, sou valè taksab ou. Si pwopriyete ou a resevwa yon kalite soulajman fiskal yo konnen kòm yon rabè, nou retire li nan bòdwo ou a pou diminye montan total ou dwe a.

1 etap

Valè Mache – Konnen Valè Pwopriyete Ou a

Depatman Finans estime yon valè mache pou pwopriyete ou a sou baz kapasite li genyen pou li pwodui revni. Nou itilize modèl estatistik ak evalyasyon evalyatè yo pou nou estime revni ak depans pou pwopriyete ou a sou baz pwopriyete lokasyon ki menm jan ak pa w la nan gwo sè, kote li ye, kantite inite, ak laj.

KLAS TAKS SOU PWOPRIYETE

Pwopriyete nan Vil New York yo divize an kat (4) klas, kote yo evalye ak estime yo yon fason ki differan selon lwa a. Klas 2 a gen ladan pwopriyete rezidansyèl ki gen plis pase twa (3) inite, tankou koperativ ak kondominyòm yo.



Pwopriyete rezidansyèl ki gen youn (1) a twa (3) inite



Pwopriyete rezidansyèl ki gen plis pase 4 inite, tankou koperativ ak kondominyòm yo



Pwopriyete ekipman konpayi sèvis publik ak pwopriyete franchiz espesyal



Tout lòt byen imobilye, tankou bilding biwo, faktori, magazen, ak otèl

Yo kalkile valè mache yo yon fason ki differan pou chak klas taks. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason yo detèmine valè mache pou pwopriyete klas 1, 3, ak 4 yo, ale sou www.nyc.gov/finance.

valè mache klas 2

Lwa eta a mande pou Depatman Finans evalye tout pwopriyete klas 2 yo kòm si yo pwodui revni. Pou detèmine valè mache ou an, nou itilize modèl estatistik pou nou kalkile revni ak depans pou pwopriyete ki menm jan ak pa w la nan gwosè, kote li ye, laj ak kantite inite. Pwosesis la varye selon si pwopriyete ou a gen plis oswa mwens pase 10 inite.

BILDING LOKASYON KI PI GWO YO



Lalwa egzije pifò pwopriyetè bilding lokasyon yo pou yo depoze yon etadkont anyèl sou Revni ak Depans Byen Imobilye (Real Property Income and Expense, RPIE). Pou nou detèmine valè mache pwopriyetè ou an, nou itilize enfòmasyon sou revni ak depans pou nou estime revni apre dediksyon akytèl li. Estimasyon sa a gen ladan ajisteman nan enfòmasyon ou depoze yo selon modèl estatistik ak direktiv evalyasyon nou yo.

Apresa, nou aplike yon to kapitalizasyon nan estimasyon revni apre dediksyon an pou nou kalkile valè mache pwopriyete ou a. To kapitalizasyon an se to rannman yo prevwa sou baz revni pwopriyete ou a pwodui. Ou kapab jwenn estimasyon revni, depans, ak to kapitalizasyon ou an sou sitwèb nou an ki se, www.nyc.gov/finance.

KONDOMINYÒM AK KOPERATIV KI PI GWO YO (PLIS PASE 11 INITE)



Lwa eta a egzije pou yo evalye kondominyòm ak koperativ yo kòm bilding lokasyon, epi pou nou evalye bilding ou an kòm si li te pwodui revni.

Pou nou detèmine valè mache li, nou konpare bilding ou an ak bilding lokasyon ki menm yo. Nou itilize modèl estatistik ak evalyasyon evalyatè yo pou nou afekte estimasyon revni ak depans lan bay pwopriyete ou a sou baz pwopriyete lokasyon ki menm jan ak pa w la nan gwosè, kote li ye, kantite inite, ak laj. Apresa, nou aplike yon to kapitalizasyon nan estimasyon revni apre dediksyon pou bilding ou an. To kapitalizasyon an se to rannman yo prevwa sou baz revni yo afekte bay pwopriyete ou a.

Ou kapab jwenn pwopriyete ki konparab nou te itilize pou nou detèmine valè mache ou an sou www.nyc.gov/finance. Ou kapab gade estimasyon revni, depans, ak to kapitalizasyon pwopriyete ou a tou.

KOPERATIV: Yo afekte yon valè mache pou tout bilding lan. Ou kapab gade valè mache pwopriyete ou a sou www.nyc.gov/finance.

KONDOMINYÒM: Nou detèmine dabò yon valè mache pou tout bilding ou an, epi apresa pou chak inite. Si yo te bati kondominyòm ou an apre jiyè 2007, valè mache li baze sou yon pousantaj enterè komite kondominyòm ou an bay. Nòmalman, yo mete "faktè alokasyon inite" sa a nan plan òf lavant inite ou an.

BILDING KI PI PITI YO (10 INITE OSWA MWENS)



Yo evalye bilding klas 2 ki pi piti yo tou kòm pwopriyete ki pwodui revni. Men, piske lalwa pa egzije pou pifò nan bilding sa yo depoze yon etadkont anyèl sou Revni ak Depans Byen Imobiliye, yo senplifye apwòch evalyasyon an nan itilize metòd miltiplikatè revni anvan dediksyon an. Departman Finans (Department of Finance):

- estime revni tipik pa pye kare pwopriyete lokasyon ki konparab yo pwodui;
- pwodui yon total revni pou bilding lan nan miltipliye revni pa pye kare a pa sipèfisi total bilding lan; epi
- li miltipliye estimasyon revni bilding lan pa yon faktè pou pwodui valè mache pwopriyete a. Pa egzanp, yo pral evalye yon bilding ki gen revni \$100,000 dola ak yon miltiplikatè 10 pou yon valè \$1 milyon dola.

2^{date}

Valè Estime Reyèl – Evalyasyon Pwopriyete Ou a

Depi nou detèmine valè mache pwopriyete ou a, nou kalkile valè estime li. Valè estime yo baze sou yon pouvantaj valè mache fiks. Pou klas 2, pouvantaj evalyasyon an se 45%; nou miltiplie valè mache ou a pa 45% pou nou rive nan valè estime a.

PWOPRIYETE KLAS 2 KI GEN 10 OSWA MWENS INITE:

Gen yon lòt faktè ki afekte kalkil valè estime pou bilding klas 2 ki gen 10 oswa mwens inite. Lwa eta a limite kantite valè estime bilding sa yo nan Vil New York kapab ogmante chak ane. Valè estime a pa kapab ogmante plis pase 8% nan ane anvan an oswa 30% pandan senk (5) lane. Kidonk, valè estime ou an pral nenpòt valè ki pi ba a: 45% nan valè mache ou an, oswa montan ki limite a.

Akoz limit yo, pifò valè estime pou pwopriyete klas 2 yo pi ba pase 45% pouvantaj evalyasyon an. Sa vle di valè estime pwopriyèt ou a kapab pran plizyè ane pou li adapte ak chanjman nan valè mache li a. Ou ka konstate menm lè valè mache ou an diminye, valè estime ou an kontinye ogmante paske li toujou mwens pase 45% nan valè mache aktyèl ou an. (Tanpri sonje chanjman fizik ki fèt nan pwopriyete ou a pa limite nan mannyè sa a. Yo aplike yo nèt nan valè mache ou a, epi apresa yo evalye yo a 15% nan ogmantasyon pou chanjman ak renovasyon yo epi 45% pou nouvo konstriksyon.)

3^{date}

Valè Estime Pwovizwa—Pou Pwopriyete Klas 2 ki gen plis pase 11 Inite


Yon lòt faktè ki enfliyanse kalkil valè estime ou an se yon egzijans selon lwa eta a pou nou entwodui tikal pa tikal nenpòt chanjman ki fèt nan valè estime ou an sou yon peryòd senk (5) lane. Sa vle di nou aplike 20% nan chanjman an chak ane pandan senk (5) lane. Lè yo fè yon nouvo evalyasyon chak ane, yo etale nenpòt chanjman anplis ki fèt ankò sou yon peryòd senk (5) lane.

Pandan nenpòt ane done, genyen plizyè entwodiksyon tikal pa tikal yo aplike, sa ki bay kòm rezulta yon valè estime pou pwopriyete ou a. Lalwa egzije pou nou itilize valè estime pwovizwa a pou nou kalkile bòdwo taks sou pwopriyete ou a si valè estime pwovizwa a pi ba pase valè estime pwovizwa reyèl ou an. (Tanpri sonje yo pa entwodui chanjman fizik nan pwopriyete ou a tikal pa tikal. Yo aplike yo nèt nan valè mache ou an epi yo miltiplie yo apresa pa to evalyasyon an ki se 45%.)


fason nou detèmine valè estime pwovizwa

PWOPRIYETE KLAS 2 KI GEN 11 INITE OSWA PLIS

Men yon egzanp detaye sou fason yo entwodui evalyasyon pwovizwa yo tikal pa tikal – yo aplike 20% nan chanjman ki fèt nan valè estime anyèl ou a chak ane, sou yon peryòd senk (5) lane.



Pa blye, lalwa egzije pou nou itilize nenpòt valè ki pi ba a—valè estime a oswa valè pwovizwa a—pou nou kalkile bòdwo taks sou pwopriyete ou a.



4^è tap

Egzanpsyon—Redwi Taks sou Pwopriyete Ou a

Vil ak eta New York ofri pwopriyetè pwopriyete rezidansyèl yo yon kantite egzanpsyon taks sou pwopriyete.

Pwopriyetè kondominyòm yo benefisyè yo pou inite yo a. Chak ane, Depatman Finans enfòme komite koperativ yo ki inite nan bilding yo a ki gen egzanpsyon pèsònèl, epi komite yo distribiye alokasyon sa yo bay inite koperativ yo nan kad frè komen yo. Bòdwo taks sou pwopriyete a ou resevwa a nan mwa jen an montre egzanpsyon ak rabè ou pral benefisyè nan ane fiskal k ap vini an, ki kòmanse 1ye jiyè.

- Dat limit pou aplike pou rabè sou koperativ/kondominyòm lan se 15 fevriye.
- Dat limit pou aplike pou egzanpsyon pèsònèl la se 15 mas.

EGZANPSYON PÈSONÈL

STAR (Soulajman Fiskal pou Lekòl) Debaz	STAR Amelyore	Egzanpsyon pou Pwopriyetè Kay ki Aje (Senior Citizen Homeowners' Exemption, SCHE)	Egzanpsyon pou Pwopriyetè Kay ki Andikape (Disabled Homeowners' Exemption, DHE)
Disponib pou pwopriyetè kay, koperativ, ak kondominyòm ki gen mwens pase \$250,000 dola revni brit anyèl ajiste.*	Disponib pou pwopriyetè ki gen plis pase 65 lane ak yon revni anyèl ki mwens pase \$90,550 dola.	Disponib pou pwopriyetè ki gen 65 kan oswa plis ak yon revni anyèl ki \$58,399 oswa mwens.	Disponib pou pwopriyetè ki gen andikap ak yon revni anyèl ki \$58,399 oswa mwens.

Egzanpsyon pou Veteran	Egzanpsyon pou Viktim Krim Andikape ak Bon Samariten	Egzanpsyon Klèje
Disponib pou sèten veteran, mari oswa madam / vèv (vèf) veteran, ak paran Gold Star yo.	Disponib pou viktим krim ak moun ki blese k ap eseye anpeche krim oswa ede yon viktим. Polisye yo pa elijib. Pwopriyetè a dwe te modifye kay la pou akomode andikap.	Disponib pou sèten manm klèje aktif epi ki nan retrèt oswa mari oswa mandanm yo ki vivan ki pa remarye.

* Nan lane 2016, lwa eta te chanje STAR, ki te yon egzanpsyon taks sou pwopriyete, pou li vin yon kredi taks sou revni. Moun k ap resevwa egzanpsyon taks STAR kounye a ka kontinye resevwa li. Nouvo aplikan yo dwe aplike nan eta a pou kredi a. Kredi a disponib pou moun nan kay ki gen revni anyèl ki \$500,000 dola oswa mwens. Si ou elijib, ou pral resevwa kredi a sou fòm yon chèk. Valè kredi a an dola pral jeneralman menm ak egzanpsyon taks sou pwopriyete a.

Ki diferans ki genyen ant de (2) rediksyon yo?

Egzanpsyon:

Yon egzanpsyon redui valè estime ou a anvan yo kalkile taks ou yo.

Rabè

Yon rabè redui taks ou apre yo te deja kalkile yo.

Tanpri ale sou www.nyc.gov/finance pou jwenn dènye enfòmasyon sou egzanpsyon yo.

EGZANPSYON BILDING

421	J51
Yon pati egzanpsyon taks sou pwopriyete pou novo konstriksyon biling apatman rezidansyèl yo. Se Depatman Konsèvason ak Developman Lojman (Department of Housing Preservation and Development) Vil New York k ap jere pwogram sa a. Depatman Finans aplike egzanpsyon an.	Yon pati egzanpsyon taks sou pwopriyete pou renovasyon biling apatman rezidansyèl yo. Se Depatman Konsèvason ak Developman Lojman (Department of Housing Preservation and Development) Vil New York k ap jere pwogram sa a. Depatman Finans aplike egzanpsyon an.

RABÈ

Koperativ/Kondominyòm	J51
Diminye montan taks sou pwopriyete pwopriyète kondominyòm ak inite koperativ yo dwe. Biling lan dwe aplike pou tout devlopman an.	Yon pati rabè taks sou pwopriyete pou renovasyon biling apatman rezidansyèl yo. Se Depatman Konsèvason ak Developman Lojman (Department of Housing Preservation and Development) Vil New York k ap jere pwogram sa a. Depatman Finans aplike Rabè a.
Enèji Solè	Do Kay Ekolojik
Bay yon rabè taks sou pwopriyete ki itilize enèji solè grasa pano solè. Se Depatman Biling Vil New York k ap jere pwogram sa a. Depatman Finans aplike rabè a.	Yon rabè inik sou pwopriyete pou pwopriyete ki gen do kay ekolojik yo. Se Depatman Biling Vil New York k ap jere pwogram sa a. Depatman Finans aplike Rabè a.

5

Bòdwo Taks sou Pwopriyete Ou

Men egzanz yon bòdwo taks sou pwopriyete pou koperativ klas 2 ki gen plis pase 10 inite. Pwopriyetè koperativ yo pa resevwa bòdwo sa a; yo voye li bay komite koperativ la, ki afekte taks sou pwopriyete a bay chak inite nan kad frè komen yo a.

Valè Mache

Depatman Finans afekte yon valè mache pou pwopriyete ou a sou baz kapasite li genyen pou li pwodui revni. Nou itilize modèl estatistik ak ealyasyon evalyatè yo pou nou afekte estimasyon revni ak depans lan bay pwopriyete ou a sou baz pwopriyete lokasyon ki menm jan ak pa w la nan gwosè, kote li ye, kantite inite, ak laj.

Valè Estime

Valè estime pwovizwa ou a se valè ki pi ba nan de (2) nonb yo: valè estime reyèl ou a oswa valè estime pwovizwa ou a.

Egzanpsyon

Yo retire valè egzanpsyon ou an nan valè estime ou an.

Valè Taksab

Valè taksab la se valè estime reyèl oswa pwovizwa ou a (nenpòt valè ki pi ba) mwens nenpòt egzanpsyon ou benefisy. Se montan taks yo mande pou w peye a.

To Taks

Pou kalkile montan ou dwe nan taks sou pwopriyete, nou aplike to taks vil la, ki se yon pouvantaj konsèy minisipal la fikse chak ane pa, sou valè taksab ou. To taks sou pwopriyete ou a pou ane fiskal la (1ye jiyè rive 30 jen) pa p finalize anvan novanm.

Taks sou Pwopriyete Anyèl

Si ou benefisy nevpòt rabè, yo retire yo nan montan taks ou a pou yo detèmine bòdwo taks sou pwopriyete final ou a.



Statement Details

February 23, 2020
Property Owner
123 45th St.
1-23456-6789
Page 2

Billing Summary	Activity Date	Due Date	Amount	
Outstanding charges including interest and payments			\$0.00	
Finance-Property Tax		04/01/2020	\$5,858.38	
Credit Adjustment	12/21/2019		\$-58.93	
Total amount due			\$5,799.45	
Annual Property Tax Detail				
Finance-Property Tax		04/01/2020	\$1,681.09	
Adopted Tax Rate			\$66.26	
Total tax year charges remaining			\$1,747.35	
If you want to pay everything you owe by January 2, 2020 please pay			\$3,488.76	
If you pay everything you owe by January 2, 2020, you would save:			\$5.94	
Tax class 2C - Co-Op Or Condo, Less Than 11 Units		Tax rate		
Current tax rate		12.473%		
Estimated market value	\$1,544,000			
Tax before exemptions and abatements	\$228,400	Billable assessed value	New Tax rate	Taxes
Basic STAR - School Tax Relief	1 Unit	\$-2,280	X 12.473% =	\$28,488
Tax before abatements				\$-284**
Co-op/Condo Abatement 3 Units				\$28,204
Annual property tax				\$-5,059
				\$23,145

** This is your NYS STAR tax savings. It cannot increase more than 2% a year. For more information, please visit us at nyc.gov/finance or contact 311.

If you own income producing property, you must file a Real Property Income and Expense Statement or a Claim of Exclusion unless you are exempt by law. The deadline to file is June 1, 2020. Failure to file will result in penalties and interest, which will become a lien on your property if they go unpaid. To see if you are exempt from this requirement and to learn more, please visit nyc.gov/rpie.

evalyasyon: ki jan nou kalkile bòdwo taks sou pwopriyete ou

TAKS SOU PWOPRIYETE ANYÈL= { (VALÈ ESTIME MWENS EGZANPSYON) (X) TO TAKS } MWENS RABÈ

1
2
3
4
5

VALÈ MACHE:

Depatman Finans estime yon valè mache pou pwopriyete ou a sou baz kapasite li genyen pou li pwodui revni.

VALÈ ESTIME REYÈL:

Valè Mache \times 45% (nivo evalyasyon) = Valè Estime (bilding ki gen 10 oswa mwens inite yo limite)

VALÈ ESTIME PWOVIZWA:

20% entwodiksyon tikal pa tikal chanjman evalyasyon pou pwopriyete ki gen 11 oswa plis inite

VALÈ TAKSAB:

Valè Estime oswa Valè Estime Pwovizwa – Egzanpsyon = Valè Taksab

TAKS SOU PWOPRIYETE ANYÈL:

Valè Taksab \times To Taks - Rabè

Fason pou peye bòdwo taks sou pwopriyete ou

Bòdwo taks sou pwopriyete ou a baze sou valè taksab ou, ki gen ladan nenpòt chanjman Komisyón Taks Vil New York fè. (Plis enfòmasyon sou Komisyón Taks la disponib nan paj 18 gid sa a.) Tanpri sonje pwopriyetè ak lokatè inite koperativ yo pa peye taks dirèkteman. Li nan kòb lwaye yo a oswa li fè pati frè komen yon inite koperativ.

Ou ka gade epi peye bòdwo taks sou pwopriyete ou a sou www.nyc.gov/finance. Ou kapab peye ak chèk elektwonik oswa ak kat kredi oswa debi (sonje gen yon frè pou itilize yon kat). Ou kapab voye peman ou a tou. Asire ou suiv enstriksyon peman yo sou bòdwo ou a.

Y ap voye bòdwo taks sou pwopriyete a pa lapòs chak trimès pou kay ki gen yon valè estime ki \$250,000 dola oswa mwens, epi de (2) fwa pa ane pou kay yo estime ki vo plis pase \$250,000 dola. Dat limit bòdwo chak trimès yo se 1ye jiyè, 1ye oktòb, 1ye janve ak 1ye avril; jeneralman y ap voye bòdwo ou yon mwa anvan dat limit li. Yo voye bòdwo de (2) fwa pa ane yon mwa anvan dat limit yo ki se swa 1ye janve ak 1ye jiyè.

PEYE TAKS SOU PWOPRIYETE NAN YON BANK OSWA YON KONPAYI SÈVIS IPOTÈK.

Ou pa p resevwa yon bòdwo taks sou pwopriyete nan kourye lapòs sof si ou responsab pou peye lòt frè, tankou reparasyon twotwa oswa reparasyon annijans. Frè sa yo pa nan peman bank ou a oswa konpayi ipotèk ou a fè; ou dwe peye yo poukout ou.

avi konsènan valè pwopriyete



NOTICE OF PROPERTY VALUE Tax Year 2020-21 (This is not a bill.)

#511655874895127#

JANE TAXPAYER
100 E TAXPAYER ST
BROOKLYN, NY 11230

 January 15, 2020
 Owner(s)
 Jane Taxpayer
 Property Address
 100 E Taxpayer St
 Borough: 3 Block: 5200 Lot: 80
 Tax Class: 2A Building Class: RR Units: 1 residential

YOUR NOTICE OF PROPERTY VALUE (NOPV) AT A GLANCE	
2020-21 Market Value:	\$2,600,000
2020-21 Assessed Value:	\$1,100,000
Your property tax exemptions:	NEW MULT DWELLINGS
See below for an estimate of your 2020-21 property tax.	

WHAT IS THIS NOTICE?

This is your annual notice of property value, or NOPV. [It is not a bill, and no payment is required.](#) This notice will:

- Inform you of the assessed value of your property for tax year for 2020-21, and tell you how to challenge it if you believe there is a mistake.
- Explain how property taxes are calculated.
- Provide an estimate of your property tax for tax year 2020-21.

Please keep a copy of this notice with your records. You may also view your NOPV and property tax bills online at www.nyc.gov/nopv.

ESTIMATED 2020-21 PROPERTY TAX

We cannot calculate your 2020-21 property tax until the new tax rate is established by the city council. Until then, you will pay the 2019-20 rate. The table below estimates the amount you will owe by multiplying the taxable value of your property by the current tax rate of 12.473%. This table is provided for informational purposes only; the actual amount you owe may differ.

Please note that the coop-condo tax abatement is not included in this estimate. If you receive the coop-condo abatement, it will be subtracted from your property taxes. Check your July tax bill for the value of any abatements you receive.

Year	Taxable Value	Tax Rate	Estimated Property Tax
2020-21	\$820,969	x 12473	= \$102,399.46

KEY DATES

March 2, 2020	Last day to challenge your assessed value. (See page 2.)
March 16, 2020	Last day to apply for a tax exemption. (See page 3.)
April 1, 2020	Last day to request review of your market value. (See page 2.)
July 1, 2020	2020-21 tax year begins.

To learn more, visit
www.nyc.gov/nopv

Page 1

NOPV paj 1

WHAT'S CHANGED: COMPARING TAX YEARS 2019-20 AND 2020-21

	Current Year (2019-20)	Next Year (2020-21)	Change
Market Value	\$X	\$2,600,000	+/- \$X
Assessment Percentage	45%	45%	- -
Actual Assessed Value	\$X	\$1,100,000	+/- \$X
Transitional Assessed Value	--	\$1,000,000	- -
Exemption Value	\$X	\$200,000	+/- \$X
Taxable Value	\$X	\$800,000	+/- \$X

- Market value** is the Department of Finance's estimated value for your property.
- Assessment percentage** is a fixed percentage of market value. For class 2 properties, it is 45%.
- Actual assessed value** is calculated by multiplying your market value by the assessment percentage.
- Changes to your assessed value are phased in over a five-year period. The **transitional assessed value** represents the changes being phased in for the coming tax year.
- Exemption value** is the amount of the reduction in your assessed value as a result of any property tax exemptions you receive. The value shown above is your actual exemption value, but a transitional exemption value may be used to calculate your taxable value.
- Taxable value** is the lower of the actual or transitional assessed value, minus the actual or transitional exemption value.

NOPV paj 3

● **Valè Mache**

Depatman Finans estime yon valè mache pou pwopriyete ou a sou baz kapasite li genyen pou li pwodui revni. Nou itilize modèl estatistik ak evalyasyon evalyatè yo pou nou afekte estimasyon revni ak depans lan bay pwopriyete ou a sou baz pwopriyete lokasyon ki menm jan ak pa w la nan gwochè, kote li ye, kantite inite, ak laj.

● **Valè Estime**

Depi nou detèmine valè mache pwopriyete ou a, nou kalkile valè estime reyèl li. Valè estime yo baze sou yon pousantaj valè mache fiks. Pou klas 2, pousantaj evalyasyon an se 45%; nou miltiplie valè mache ou a pa 45% pou nou rive nan valè estime reyèl la.

● **Egzanpsyon**

NOPV a endike egzanpsyon ou ap benefisyè kounye a epi li enfòme ou sou valè egzanpsyon ou an—rediksyon nan valè estime a akoz egzanpsyon ou yo.

● **Valè Taksab**

Valè taksab la se valè estime ou mwens nenpòt egzanpsyon ou benefisyè. Pou biling ki gen 11 oswa plis inite yo, valè taksab la se valè estime reyèl oswa pwovizwa ou a, nenpòt valè ki pi ba, mwens nenpòt egzanpsyon ou benefisyè. Valè taksab la se montan taks yo mande pou w peye a.

● **Taks sou Pwopriyete Anyèl**

NOPV bay yon estimasyon taks sou pwopriyete ou a pou pwochen ane fiskal la. Menm si nonb sa a se sèlman yon estimasyon, li kapab ede ou planifye pou ane k ap vini an.

● **Valè Estime Pwovizwa**

Si pwopriyete ou a gen 11 oswa plis inite, epi valè estime reyèl ou a ogmante, nou pral entwodui chanjman yo tikal pa tikal yon fason pou valè estime taksab ou a pa ogmante rive plis pase 20% nan ogmantasyon an nan yon lane.

● **Deskripsyon Pwopriyete**

Si ou benefisyè nenpòt rabè, yo retire yo nan montan taks ou a pou yo detèmine bòdwo taks sou pwopriyete final ou a.

Identifikasiyon Pwopriyete: BBL

Chak pwopriyete nan Vil New York gen yon nimewo identifikasiyon inik ki rele yon nimewo minisipalite-blòk-pasèl, oswa BBL. BBL la aji kòm nimewo kont ou nan Depatman Finans epi li pral parèt sou prèske tout avi oswa deklarasyon ou resevwa nan men nou. Asire ou gen BBL ou nan men lè ou kontakte DOF-li pral ede nou rezoud pwoblèm ou an pi vit.

Nimewo minisipalite a toujou anvan:

1 = Manhattan 2 = Bronx 3 = Brooklyn 4 = Queens 5 = Staten Island

Nimewo blòk la dezyèm:

Li ka rive jiska senk (5) chif.

Nimewo pasèl la dènye:

Li ka rive jiska kat (4) chif.

pou konteste valè estime sou NOPV ou a

Si ou kwè nou te fikse valè estime ou an twò wo, ou gen dwa pou konteste devan Komisyón Taks Vil New York (New York City Tax Commission), ki se yon ajans minisipal endependan ki gen otorite pou li chanje valè estime pwopriyete ak klas taks ou, epi egzamine detèminasyon egzanpsyon yo. Ou pa bezwen yon avoka pou depoze yon kontestasyon nan Komisyón Taks la, epi ou pa oblige patisipe nan yon odyans fas-a-fas, menm si ou ka fè sa si ou vle.

Pou depoze yon kontestasyon, vizite Komisyón Taks la sou www.nyc.gov/taxcommission. Nan onglè "Forms (Fòm)" lan, chwazi lyen "General Instructions (Enstriksyon Jeneral)" epi fòm evalyasyon TC 600, "How to Appeal a Tentative Assessment (Fason pou Konteste yon Evalyasyon Pwovizwa)." Fòm enprime yo disponib nan sant biznis DOF yo epi nan biwo Komisyón Taks la nan 1 Centre Street, Room 2400, New York, NY 10007. (Ou pral bezwen yon kat idantite ki gen foto pou antre nan biling lan.) Dat limit pou soumèt yon kontestasyon pou pwopriyete klas 1 ou a se 1ye mas. Sa vle di Komisyón Taks la dwe resevwa kontestasyon ou an avan 1ye mas - menm si lè ou voye kontestasyon ou nan lapòs nan dat sa a, sa p ap sifi.

Pwopriyetè koperativ, kondominyòm, ak biling lokasyon yo depoze kontestasyon nan non tout biling yo a. Pwopriyetè inite kondominyòm endividiyèl yo ka depoze kontestasyon apa tou.

Tanpri sonje si ou gen yon pwopriyete klas 2 ki pi piti (10 inite oswa mwens), ou dwe pwouve valè pwopriyete ou a mwens pase valè mache reyèl li pou Komisyón Taks la bese evalyasyon ou an. Valè mache efikas pwopriyete ou an se valè estime li, anvan egzanpsyon yo, divize pa 45%.

Si gen yon erè nan NOPV ou a (pa egzanp, deskripsiyon pwopriyete ou a pa kòrèk), tanpri siyale li bay Depatman Finans nan depoze yon fòm "demann pou modifikasyon" www.nyc.gov/finance, ki disponib nan www.nyc.gov/finance oswa lè ou rele 311. Si ou pa dakò ak valè mache estime ki sou NOPV ou a, ou ka depoze yon fòm "demann pou evalye" ki disponib nan www.nyc.gov/finance oswa lè ou rele 311. (Men sonje si ou depoze youn nan fòm sa yo nan DOF se pa yon ranplasman pou konteste valè estime ou a nan Komisyón Taks la.)

resous yo

BIWO REPREZANTAN KONTRIBYAB

Si ou te fè yon efò rezonab pou rezoud yon pwoblèm taks nan Depatman Finans la men ou santi ou pa te resevwa yon repons ki satisfesan, Biwo Defansè Kontribyab la ka ede.

Pou jwenn èd nan men Biwo Defansè Kontribyab la, ale nan www.nyc.gov/taxpayeradvocate epi ranpli fòm DOF-911, "Mande Èd nan Men Biwo Defansè Kontribyab la." Ou ka kontakte Biwo Defansè Kontribyab la dirèkteman tou nan:

Rele: (212) 748-4785

Faks: (646) 500-6907

Ekri: NYC Office of the Taxpayer Advocate, 375 Pearl Street, 26th Floor, New York, NY 10038

KOMISYON TAKS VIL NEW YORK LA

Komisyón Taks Vil New York la se yon ajans endependan ki gen otorite pou chanje valè estime pwopriyete ou a, klas taks, ak egzanpsyon yo.

Tout fòm kontestasyon yo disponib sou sitwèb Komisyón Taks la, ki se www.nyc.gov/taxcommission. Ou ka rele Komisyón Taks la nan (212) 669-4410.

ane ou nan
taks sou
pwopriyete

